# Demografiyalıq jaǵday

(dáslepki maǵlıwmatlar)

**Turaqlı xalıq sanı.** Qaraqalpaqstan Respublikası turaqlı xalqınıń sanı 2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına 1898,3 mıń adamdı qurap, 2019-jıl basınan 28,5 mıń adamǵa yáki 1,5 %ǵa ósti. Sonnan, qala xalqı sanı 930,5 mıń adamdı (jámi xalıq sanındaǵı úlesi 49,0 %), awıllıq jerdegi xalıq sanı 967,8 mıń adamdı (51,0 %) quradı.

**Itibar beriń:**
**2019-jıl yanvar-dekabr**

· Xalıq sanı **28,5** mıń **adamǵa** kóbeydi.

· Tiri tuwılǵanlar sanı **41,3** mıń **balanı** quradı.

· Qaytıs bolǵanlar sanı **8,5** mıń **adamdı** quradı.

· PXAJ bólimlerinde **14,2** mıń **neke** hám **1,2** mıń ajırasıwlar dizimge alındı.

Yanvar- dekabr aylarında

Jıl basına turaqlı xalıq sanı **1869782** adam (2019- jıl 1-yanvar jaǵdayına)

**Tiri tuwılǵanlar sanı 41271 bala** − **Qaytıs bolǵanlar sanı 8507 adam** = Tábiyǵıy ósim **32764** adam

+

**Kóship kelgenler sanı 10003 adam** − **Kóship ketkenler sanı 14220 adam** = Mexanikalıq ósim (kemeyiw) **-4217** adam

Turaqlı xalıq sanı **1898329** adam (2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına)

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı

*(1-yanvar jaǵdayına mıń adam)*

| | *2019 j.* | *2020 j.* | *Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti, %* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1869,8** | **1 898,3** | **101,5** |
| Nókis q. | 314,9 | 319,8 | 101,6 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 195,3 | 199,1 | 101,9 |
| Beruniy | 187,6 | 191,4 | 102,0 |
| Qaraózek | 52,4 | 52,7 | 100,6 |
| Kegeyli | 89,5 | 90,0 | 100,6 |
| Qońırat | 128,3 | 129,9 | 101,2 |
| Qanlıkól | 50,3 | 51,0 | 101,4 |
| Moynaq | 31,3 | 31,8 | 101,6 |
| Nókis | 49,1 | 50,2 | 102,2 |
| Taqıyatas | 72,8 | 73,8 | 101,4 |
| Taxtakópir | 39,9 | 40,2 | 100,8 |
| Tórtkúl | 210,3 | 214,2 | 101,9 |
| Xojeli | 121,2 | 122,7 | 101,2 |
| Shımbay | 115,2 | 116,3 | 101,0 |
| Shomanay | 55,6 | 56,1 | 100,9 |
| Ellikqala | 156,1 | 159,1 | 101,9 |

**Rayonlar kesiminde turaqlı xalıq sanınıń bólistiriliwi**
(2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına, respublika jámi xalqına salıstırǵanda, %da)



**Tuwılıw.** 2019 jıldıń yanvar-dekabr aylarında 41,3 mıń bala tuwılǵan bolıp (bul jerde hám bunnan keyin tuwılǵanlarǵa tek ǵana tiri tuwılǵanlar inabatqa alınǵan), sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koeffitsiyenti 21,9 promilleni quradı hámde 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,3 promillege asqanlıǵı (2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında 21,6 promille bolǵan) gúzetildi.



**Rayonlar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koeffitsiyenti**
(2019-jıl yanvar-dekabr )



**Qaytıs bolǵanlar.** 2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında 8,5 mıń ólim gúzetilgen bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda ólim koeffitsiyenti 4,5 promilleni quradı, 2018-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,1 promillege kemeygen (2018-jıldıń yanvar-dekabr aylarında 4,6 promille bolǵan).

**Rayonlar kesiminde qaytıs bolǵanlar sanı hám koeffitsiyenti**
(2019-jıl yanvar-dekabr)




2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında gúzetilgen qaytıs bolǵanlardıń 56,3 %i qan aylanıw sisteması keselliklerinen, 12,3 %i ósimtelerden, 8,0 %i baxıtsız hádiyse, záhárleniw hám jaraxatlanıwlardan, 4,2 %i awqat sińiriw aǵzaları keselliklerinen, 3,8 %i dem alıw aǵzaları keselliklerinen, 1,0 %i juqpalı hám parazitli keselliklerden hámde 14,4 %i basqa keselliklerden qaytıs bolǵan.

Dizimge alınǵan 1 jasqa shekemgi qaytıs bolǵan balalar sanı 0,4 mıńdı qurap, olardıń 76,6 %i - perinatal dáwirde júzege keletuǵın jaǵdaylardan, 8,7 %i dem alıw aǵzalarıı keselliklerinen, 6,5 %i tuwma anomaliyalardan, 0,7 %i - baxıtsız hádiyse, záhárleniw hám jaraxatlanıwlardan, 0,7 %i - juqpalı hám parazitli keselliklerden, 0,7 %i- awqat sińiriw aǵzaları keselliklerinen hám 6,1 %i -basqa keselliklerden qaytıs bolǵan.

**Tiykarǵı ólim sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlardıń bólistiriliwi**
**(2019-jıl yanvar-dekabr jaǵdayına, jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda, %)**



**Rayonlar kesiminde tiykarǵı ólim sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlardıń bólistiriliwi (jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda, %)**



**Tábiyǵıy ósim.** 2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında xalıqtıń tábiyǵıy ósimi 32,8 mıń adamdı qurap, 2018-jıl sáykes dáwirine salıstırǵanda 1,3 mıń adamǵa (2018-jıldıń yanvar- dekabr aylarında 31,5 mıń adam bolǵan) ósken.



**Neke.** 2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında PXAJ organları tárepinen 14,2 mıń neke dizimge alındı, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koeffitsiyenti 7,6 promilleni quradı.

Dúzilgen nekeler sanı 2018- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda joqarı ósim pátleri Nókis qalası (17,6 %), Shomanay (9,8 %), Qanlıkól (9,0 %), Nókis (4,2 %) hám Moynaq (2,9 %) rayonlarina tuwrı kelmekte.



**Rayonlar kesiminde neke dúzgenler sanı hám koeffitsiyenti**
(2019-jıl yanvar- dekabr jaǵdayına, 1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)



**Nekeden ajırasıwlar.** 2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında PXAJ organları tárepinen 1,2 mıń nekeden ajırasıwlar dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasıw koeffitsiyenti 0,7 promilleni quradı.

Ajırasıwlar sanında 2018-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda joqarı ósim pátleri Taxtakópir (46,7 %), Qanlıkól (15,2 %), hám Shımbay (6,9 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

**Rayonlar kesiminde nekeden ajırasıwlar sanı hám koeffitsiyenti**
(2019-jıl yanvar-dekabr jaǵdayına, 1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)






**Migratsiya.** 2019-jıl yanvar-dekabr aylarında respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 10,0 mıń adamdı (9,8 mıń adam respublika aymaqlarınan, 0,2 mıń adam sırt el mámleketlerinen), kóship ketkenler sanı bolsa 14,2 mıń adamdı (10,6 mıń adam respublika aymaqlarına, 3,6 mıń adam sırt el mámleketlerine) quradı. Migratsiya saldosı minus 4,2 mıń adam bolıp, 2018-jıldıń sáykes dáwirinde minus 4,0 mıń adam bolǵan.

**Xalıq migratsiyası** (mıń adam)

| | 2018-jıl yanvar-dekabr | 2019-jıl yanvar-dekabr |
|---|---|---|
| Kóship kelgenler | 10,8 | 10,0 |
| Kóship ketkenler | 14,8 | 14,2 |
| Migratsiya saldosı | -4,0 | -4,2 |

Migratsiya saldosınıń joqarı dárejesi Shımbay (minus 869 adam), Qońırat (minus 535 adam) hám Xojeli (minus 471 adam) rayonlarında gúzetildi.

Migratsiya saldosınıń unamlı dárejesi Nókis qalasında (plus 234 adam) gúzetildi.



**Paytaxttağı demografiyalıq jağday.** Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalıq sanı 2020- jıl 1-yanvar jağdayına 319,8 mıń adamdı qurap, 2019-jıl basınan 4,9 mıń adamğa yaki 1,6 % ğa ósken.

**Nókis qalası xalqınıń tábiyğıy háreketi**
(1000 xalıqqa salıstırğanda, promille)

| | 2018-jıl yanvar-dekabr | | 2019-jıl yanvar-dekabr |
|---|---|---|---|
| Tuwılıw | 18,1 |  | 18,9 |
| Ólim | 4,4 |  | 4,4 |
| Tábiyğıy ósim | 13,7 |  | 14,5 |

2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında 6,0 mıń bala tuwılğan bolıp, sáykes túrde tuwılıw koeffitsienti 1000 xalıqqa salıstırğanda 18,9 promilleni quradı hám 2018-jıldıń sáykes dáwirine salıstırğanda 0,8 ge (2018-jıldıń sáykes dáwirinde 18,1 promille bolğan) ósti.

2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında 1,4 mıń adam qaytıs bolğan bolıp, sonnan 92 i 1 jasqa shekemgi qaytıs bolğan balalar sanına tuwrı kelmekte. Ólim koeffitsienti 4,4 promilleni qurap, 2018-jıldıń sáykes dáwirinde 4,4 promille bolğan).

Paytaxt xalqınıń tábiyğıy ósimi 4,6 mıń adamdı qurap, 2018-jıldıń sáykes dáwirine salıstırğanda 0,3 mıń adamğa ósiwi (2018-jıldıń sáykes dáwirinde 4,3 mıń adam bolğan) gúzetildi.

PXAJ organlarında 2019-jıldıń yanvar-dekabr aylarında 2,5 mıń neke hám 0,3 mıń nekeden ajırasıwlar dizimge alındı. 1000 xalıqqa salıstırğanda neke dúziw koeffitsienti 7,9 promilleni qurap, 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırğanda 1,1 ge ósti (2018-jıldıń sáykes dáwirinde – 6,8 promille bolğan).

Nekeden ajırasıw koeffitsienti 1000 xalıqqa salıstırğanda 1,0 promilleni qurap, 2018-jıldıń sáykes dáwirine salıstırğanda 0,1 ge kemeydi. (2018-jıldıń sáykes dáwirinde 1,1 promille bolğan).

**Nókis qalasında dúzilgen neke hám ajırasıw**
(1000 xalıqqa salıstırğanda,
yanvar-dekabr jağdayına, promille)




**Demografiya hám miynet statistikası bólimi**
*(71) 230-82-18*
*(61) 222-76-57*